

Konekte ak WIC pi fasil ke jamè ak nouvo lokalizasyon yo

WIC founi manje ak resous ou bezwen
pou sipòte sante timoun ou an – jiskaske
yo rive nan 5^{yèm} anivèsè yo.



SIPÒ POU NOUVONE

Bay tete, ponp pou tire lèt, fòmil – kèlkeswa sa ou chwazi, WIC gen sipò alètman pou ou, aksè ak ponp pou tire lèt, ak kupon pou fòmil tibebe.

KÒMANSMAN AN SANTE

Nitrisyonis WIC yo ka ede ou kòmanse bay tibebe w la manje solid epi asire yo ke li gen nitrisyon li bezwen an pou yon devlopman an sante.

DEZAN YOUN DÈYÈ LÒT

Moun ki pa manje tout bagay? Pa gen pwoblèm. Nitrisyonis WIC yo la pou bay konsèy pou ede rann moman pou manje a fasil.

PARE POU LEKÒL

Manje nitritif WIC yo, ki gen ladan fwi ak legim ki fre, pral ede kò ak sèvo pitit ou a devlope pou yo ka byen kòmanse depi premye jou a.

GWOSÈS AK SANTE MATÈNÈL

WIC sipòte fanm ansent, k ap bay tete, ak sa ki pa bay tete aprè akouchman atravè konsèy sou manje ki ansante pandan gwosès, sipò pou bay tete ak alètman, gid aprè akouchman, referans pou swen sante, ak aliman konplemantè ki prepare pou fè fas ak bezwen nitritif espesifik yo.

SIPÒ POU OU

Pa gen kupon pwovizyon ankò – benefis WIC yo diskre e ou ka gen aksè ak yo lè ou senpleman pase yon kat debi nan plizyè magazen. E kounye a gen plis rankont WIC ki ka fèt nan telefòn oswa anliy olye nan biwo WIC la.

RETE KONEKTE AK SID CHICAGO

Near North Health at Latino Resource
Institute Illinois

Kibò

8910 S. Commercial Ave., Chicago, IL 60617

Kilè

Dezyèm jedi nan mwa a
9 a.m. - 3:30 p.m.

Kijan pou konekte

Rele pou pran randevou • 312-216-8039

Yo resevwa vizit san randevou selon disponiblite

APRANN PLIS

*Pou aprann plis sou
sèvis WIC yo, eskane
kòd QR la oswa vizite
[chicagosfoodbank.org/
wic-southchicago](http://chicagosfoodbank.org/wic-southchicago)*

